



Pou Piblikasyon Imedya: 08/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE CENTRAL ISLIP KÒM GAYAN 10 MILYON DOLA
NAN LONG ISLAND NAN KAD TWAZYÈM FAZ INISYATIV REVITALIZASYON
ANBA LAVIL LA**

***Eta a ap Kolabore ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Long Island lan pou
Revitalize Kominote Central Islip la***

***Sa fè pati Apwòch Global Gouvènè a genyen pou l Transfòme Kominote yo pou
yo Vin Tounen Katye Dinamik epi Ranfòse Ekonomi Lokal la***

***Investisman pou Revitalizasyon Anba Lavil yo Se Yon Pati Krisyal nan Estrateji
Global Long Island lan pou Revitalize Kominote yo epi Devlope Ekonomi an***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke kominote Central Islip pral resevwa 10 milyon dola nan finansman kòm gayan Long Island lan nan kad twazyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan (Downtown Revitalization Initiative, DRI). Menm jan ak nan de premye faz DRI a yo, yo chwazi yon minisipalite nan chak 10 rejyon devlopman ekonomik rejyonal eta a yo kòm yon gayan 10 milyon dola, sa ki ap make yon lòt objektif jeneral eta genyen pou sible 100 milyon dola nan finansman ak investisman pou ede kominote yo estimile ekonomi yo lè yo ap transfòme anba lavil yo pou yo vin tounen katye ki dinamik kote pwochè jenerasyon moun New York yo pral vle viv, travay ak elve yon fanmi.

“Investisman sa pral pay yon bourad konsiderab non sèlman pou kominote anba lavil Central Islip ki ap devlope a, men tou pou tout ekonomi Long Island lan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen felisite dirijan kominote yo poutèt yo ap devlope pwojè ki anvizaje yon ekonomi ki pi djanm, pi dirab, ki pral aitre plis devlopman ekonomik nan ak alantou anba lavil Islip pou jenerasyon ki gen pou vini yo.”

“Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan ap investi nan kominote yo pou ede devlope anba lavil yo epi pouswiv pwojè lokal yo nan kad Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Finansman sa pou revitalize kominote divès Central Islip lan pral ranfòse transpò epi revitalize zòn anba lavil lan, sa ki ap atire plis vizitè ak biznis nan Central Islip epi bay ekonomi lokal la bourad.”

Central Islip

Central Islip se yon kominote ekonomik ak rezidansyèl divès ki gen plis pase yon tyè popilasyon li an ki reprezante pa minorite etnik yo. Kòm yon rezilta ekonomi varye sa ak popilasyon rezidansyèl ki ap ogmante, anba lavil Central Islip sou pwèn pou vin tounen yon episan dinamik ki oryante nan transpò pou tout kominote Islip lan. Yo pral itilize fon DRI yo pou ka byen itilize envestisman eta yo nan pwojè Third Track ak Double Track LIRR yo apati pwomosyon devlopman transpò ak revitalizasyon anba lavil ki bò kote estasyon ray Central Islip. Ak lari ki konplè yo ak sikilasyon ki kalme yo, anba lavil sa pral vin tounen yon zòn ki pi akeyan epi pi agreyab. Genyen anpil kote sou tout koridò Carleton Avenue anba lavil lan ki pare pou redevlopman ak avènman egou yo, ki gen ladan yon patenarya piblik/prive potansyèl ki ta pral ideyal pou devlopman miltifonksyon ki nesèsè.

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Long Island lan (Long Island Regional Economic Development Council, Long Island REDC) te pase atravè yon pwosesis revizyon konpetitif pou pwopozisyon ki soti nan kominote yo ki atravè rejyon an, epi li te konsidere tout ywit kritè ki anba la yo anvan ke yo rekòmande Central Islip kòm chwa li pou gayan:

- Anba lavil lan ta dwe konpak, ak limitasyon ki byen defini;
- Minisipalite an, oswa zòn kaptaj anba lavil lan, tra dwe gen yon dimansyon ki sifizan pou kapab sipòte yon anba lavil dinamik pandan tout ane an;
- Anba lavil la ka kapitalize sou envestisman prive ak piblik fiti oswa anvan yo ki nan vwazinaj la ak zòn ki alantou yo;
- Ta dwe gen yon ogmantasyon nan kantite pòs travay resan oswa ki iminan, oswa ki tou pre anba lavil la ki ka atire travayè yo nan anba lavil, sipòte redevlopman epi fè kwasans dirab;
- Anba lavil la dwe se yon kominote ki vivab epi atiran pou divès popilasyon tout laj yo, ki enkli abitan aktyèl, travayè ki talantye ak milenyè yo;
- Minisipalite an ta dwe deja ap resevwa oswa posede kapasite pou kreye epi reyalize politik yo ki ap ogmante vivabilite ak kalite lavi, ki enkli itilizasyon bank tèren lokal yo, kòd repatisyon zòn modèn yo ak estanda pakin yo, konplete plan lari yo, pwojè efikasite enèjetik yo, travay vèt yo, ak devlopman ki oryante nan transpò;
- Minisipalite an ta dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi elaji ki ap abouti an yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ ki kapab enkli nan yon plan envestisman estratejik (Strategic Investment Plan) DRI; epi
- Minisipalite an te idantifye pwojè transfòmatif yo ki pral pare pou reyalizasyon ak yon enfizyon finansman DRI yo nan premye nan de ane yo.

Viktwa Islip lan nan kad twazyèm faz DRI a ba li dwa pou li resevwa 10 milyon dola nan finansman ak envestisman eta pou revitalize katye anba lavil li yo epi kreye nouvel opòtinite pou kwasans alontèm. Islip rejwenn kounye a Westbury ak Hicksville, ki te venkè nan rejyon Long Island nan kad premye ak dezyèm faz DRI yo, respektivman.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare, “Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan pral enjekte nan

Central Islip resous ki nesèsè yo pou kreye devlopman ekonomik transfòmatif ki baze nan kominote yo - ak investisman ki enpòtan anpil nan transpò, enfrastrikti, kalite lavi ak vivabilite. DRI reprezante opòtinite imans pou kwasans entelijan, estratejik, dirab yo nan Central Islip ki ap poze yon fondasyon solid pou jenerasyon moun New York yo atravè rejyon Long Island lan”.

Sekretè Eta New York la, Rossana Rosado, te deklare, “Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè Cuomo an kontinye pote lespwa ak pwomès nan kominote yo atravè eta a. Central Islip se yon konjonkti ki enpòtan anpil pou tout Long Island, epi investisman ki sible, entelijan yo, pral ede anba lavil lan pwospere epi sèvi pi byen abitan, biznis ak vizitè li yo”.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York (New York State Homes and Community Renewal), te deklare, “Ak prim 10 milyon dola sa, Central Islip pral jwenn bourad ke li bezwen pou akonpli objektif lojman, devlopman ekonomik, ak revitalizasyon ke li genyen yo. Inisyativ DRI inovatif Gouvènè a pral ede fè kominote eklektik e ki divès sa a vin yon kote ki menm pi dinamik ak atiran pou moun viv epi travay”.

Manm Asanble Phil Ramos te deklare, “Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan pral kapitalize sou kwasans potansyèl Central Islip pandan ke li ap favorize opòtinite ekonomik pou biznis lokal yo, epi atire antreprenè nan gwo rejyon nou an. Mwen aplodi angajman Gouvènè Cuomo pran anvè Long Island, epi mwen remèsye li poutèt investisman sa li fè nan avni kominote Central Islip lan”.

Ko-Prezidan REDC Long Island lan Kevin Law te deklare, “Investisman sa se yon eleman gayan-gayan pou Islip ak tout Long Island. Nan konsantre sou atire epi kenbe milènè yo epi devlope mendèv rejyon sa a, Central Islip te sekirize yon prim 10 milyon dola atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè an ki pral benefisye tout rejyon an. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li rann renesans kominote sa posib epi mwen espere wè plis vizitè nan anba lavil Central Islip pou dekad ki gen pou vini yo”.

Chèf Egzekitif Konte Suffolk Steve Bellone te deklare, “Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt lidèchip li nan rekonèt Central Islip nan bay sibvansyon sa pou efò revitalizasyon anba lavil yo. Yon investisman nan kominote sa se egzakteman sa ke nou bezwen epi li pral gen enpak ekonomik alontèm ki pral afekte chak sitwayen. Nan kreye yon anba lavil kote moun ka mache ak enfrastrikti ki modènize yo ak nouvo devlopman yo pou alafwa batiman rezidansyèl ak komèsyal yo sa pral kreye yon atmosfè ki dinamik epi sekirize pou tout abitan ak vizitè yo pwofite”.

Lejislatè Konte Suffolk la, Monica Martinez, te deklare, “Investiman sa ke yo merite anpil lan se egzakteman modèl sipò ke Central Islip bezwen pou leve ba a, epi devlope anba lavil zòn nan pou pwochèn jenerasyon moun New York yo. Sou lidèchip Gouvènè a, Konte Suffolk ap fleri epi Long Island ap akeyi plis vizitè ke jamè. Ak investisman sa, mwen espere wè yon ekonomi Islip ki pi djanm, pi vyab pou ane ki gen pou vini yo”.

Sipèvizè Vil Islip, Angie M. Carpenter, te deklare, “Mwen rekonesan pou konfyans ak investisman Gouvènè a nan kominote sa, epi poutèt li rekonèt tout gwo bagay ke

Central Islip gen pou ofri yo. Nan travay ansanm ak pati ki konsène sou plan lokal yo, nou pral devlope yon plan ki pral afekte modèl chanjman pozitif ke nou tout ka fyè de yo. Menm nan mitan difikilte enpansab yo, abitan Central Islip yo te pwouve ke yo se moun ki djanm, rezistan, epi ki vle travay pou amelyorasyon kominote yo a kont tout defi yo. Mwen espere wè aplikasyon prim 10 milyon dola a epi fè pwojè yo vanse pou ka ranfòse anba lavil nou an pou jenerasyon fanmi yo pwofite de yo”.

Islip pral byento kounye a kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize anba lavil li ak jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon yo ki soti nan sibvansyon DRI 10 milyon dola a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman Estratejik pou Central Islip lan pral egzamine atou ak opòtinite ki gen onivo lokal yo, epi idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè yo ki aliye ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Plan Envestisman Estratejik pou Central Islip pral gide investisman fon sibvansyon DRI yo nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè vanse vizyon kominote a pou anba lavil li a, epi ki ka favorize ak ajoute sou investisman 10 milyon dola eta a. Plan pou twazyèm faz DRI a pral fin konplete an 2019.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, ale sou www.ny.gov/programs/downtown-revitalization-initiative.

###

W'ap jwenn lòt nouvel ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)